



# Palm Pointe Educational Research School @ Tradition

## Rezime Plan/Regleman Angajman Fanmi ak Paran: 2017-2018

Palm Pointe pran rezolisyon pou fè tout efò pou enplike paran ak manm kominote a nan aktivite ak rankont nan lekòl la, pou ka fè pwomosyon pou bon jan relasyon, fòme yon patenarya byen djanm ant lekòl ak lakay epi ogmante reyisit elèv yo.

### Patisipasyon paran yo ak kominote a

- Palm Pointe pral ofri yon seri aktivite nan kad angajman fanmi ak paran yo pou ranfòse patenarya ant lekòl la ak lakay epi enplike kominote a nan edikasyon elèv yo, aktivite yo gen ladann aktivite sou kourikoulòm nan, aktivite rekonesans ak sesyon enfòmasyon.
- Paran yo ka sèvi nan Konsèy Konsiltatif Lekòl la (SAC) ak nan Òganizasyon Paran-Pwofesè (PTO).
- Manm SAC yo angaje yo nan revize Plan Amelyorasyon Lekòl la ak Plan Angajman Fanmi ak Paran an epi tout paran yo jwenn opòtinite pou bay fidbak pa yo.
- Paran yo pral resevwa Ankèt Satisfaksyon/Enplikasyon Paran Tit I an nan prentan lane 2018 la pou ka bay fidbak yo sou pwogram ak aktivite nou te fè pandan ane lekòl 2017-2018 la, anplis fòmilè evalyasyon pèsònèl nou te bay nan aktivite yo.

### Kowòdinasyon ak entegrasyon

- Edikasyon pou Elèv Eksepsyonèl
- IDEA
- Tit IX (Lwa McKinney Vento - Edikasyon pou San Abri)
- Lansman Preskolè/Jaden danfan

### Rankont anyèl paran

- Rankont anyèl Tit I/Tit IX la te fèt nan dat mèkredi 11 oktòb 2017
- Nou te voye yon feyè lakay yo atravè chak elèv, yon semèn alavans pou nou te ka anonse aktivite a.
- Nou te poste rapèl sou paj Facebook lekòl la epi nou te voye de mesaj telefòn atravè Connect-Ed anvan aktivite a te fèt.

### Rankont fleksib ak paran

- Aktivite angajman fanmi ak paran yo pral pwograme nan plizyè dat ak lè – gen kèk se ap pandan lajounen ak kèk lòt k ap bonè nan aswè.
- Nou pral mete materyèl prezantasyon yo disponib pou fanmi ki pa kapab patisipe nan aktivite ki pwograme yo atravè sit entènèt lekòl la, anndan anvlòp kominikasyon chak semèn nan oswa nou pral voye yo lakay atravè pwofesè oswa klas ki ap pèmèt reyalize aktivite a.

### Ranfòse kapasite

- Yon seri aktivite pou angajman fanmi ak paran yo ki fèt pou ka ankouraje bon jan patenarya ant lakay ak lekòl epi amelyore konpreyansyon sou kourikoulòm nan ak evalyasyon yo ki planifye pou lane akademik 2017-2018 la. Egzanp aktivite yo gen sa anba yo ladan:
  - Aktivite klas
    - Nou te distribye fon Tit I yo bay pwofesè yo pou ka planifye, prepare ak fasilite aktivite ki enplike paran yo pandan tout lane a. Egzanp yo gen ladan CSI Investigations, FSA Game Night, Are You Smarter than a 7th Grader, etc.
    - Sesyon oryantasyon Middle School Matters
  - Aktivite kominotè
    - Aktivite lannuit PTO pou fanmi
    - Dejene ak Santa

- Papa Mennen Timoun ou an Lekòl
  - Oryantasyon volontè
- Aktivite ki chita sou kourikoulòm lekòl la
  - Lannuit kourikoulòm
  - Aktivite fanfa klas
  - Lansman jaden danfan
- Lekòl la pral kontinye fè patenarya avèk Parent Academy of St. Lucie County pou ka bay sesyon ki chita sou konpetans ak enkyetid ki gen pou wè ak wòl paran.
- Nou bay opòtinite pou fòmasyon pèsonèl pou amelyore bon jan komunikasyon ant paran yo epi fè ankouraje bon patenarya ant lekòl ak lakay.

### **Kominikasyon**

- Enfòmasyon ki gen pou wè ak kourikoulòm nan, evalyasyon ak pwogrè akademik yo, nou voye yo e pataje yo bay paran timoun ki patisipe nan tan konvnab yo.
  - Anvlòp kominikasyon chak semèn
  - Sesyon enfòmasyon
  - Atelye
  - Rapò pwogrè ak kanè
  - Konferans paran-pwofesè
- Sèvis tradiksyon yo disponib sou demann.
- Paran yo pral gen opòtinite pou revize ak bay fidbak sou Plan/Regleman Angajman Fanmi ak Paran an

### **Aksè**

- Palm Pointe pral asire li ke enfòmasyon ki lye ak kourikoulòm, evalyasyon ak pwogrè akademik yo ale jwenn ak pataje bay paran timoun ki patisipe yo, nan yon tan konvnab, nan yon fòm ki konpreyansib epi nan mezi sa posib, nan yon lang paran yo kapab konprann, sa gen ladann lang angle, espayòl ak kreyòl.
- Nou pral voye devwa ki evalye ak feyè enfòmasyon yo lakay atravè yon anvlòp kominikasyon lakay-lekòl ke paran/gadyen legal elèv la dwe siyen epi retounen bay lekòl la.
- Enfòmasyon ki gen pou wè ak fè piblisite pou aktivite ki enplike paran yo ak/oswa rankont yo, nou pral bay yo nan plizyè fòm tankou kopi papyè, planifikatè elèv, rezo sosyal, mesaj Connect-Ed ak gwo pankat lekòl la.
- Nou pral mete disponib sou sit entènèt lekòl la enfòmasyon pètinan/prezantasyon materyèl yo avèk narasyon ki gen vwa ladan pou moun sa yo ki pa kapab patisipe nan aktivite yo. Nou pral mete materyèl aktivite angajman fanmi yo disponib sou demann nan lyezon Tit I an oswa pwofesè/klas ki fasilite sa.